



Kutsigira Kuvandudzwa kweHunyanzvi hweVashandi neRuzivo Rwutsva Kuti Pave neBudiro yeChizvinovino neMaindasitiri

GWARO RECHIBVUMIRANO KUNE VATINOSHANDIDZANA NAVO

MABASA EBETSERO (ZVATINOITA)

Donzvo reZimbabwe Manpower Development Fund nderekutora chikamu 1% chemari yekuvandudzwa hunyanzvi hwemashandiro evashandi kubva kumakambani ose akanyoreswa zviri pamutemo munyika yeZimbabwe (kusiya kweawo asingasungirwi kuita saizvozvo nemutemo), inounganidza nekugovera mari iyi yakanangana nekusimudzira hunyanzvi hwemashandiro evashandi kusanganisira tsvakurudzo nehunyanzvi hutsva sezvinotarisirwa neBazi reDzidzo yePamusoro, Hunyanzvi Hutsva, Sainzi neKuvandudzwa kweTekinoraji.

1. MUNGATARISIREI KUBVA KWATIRI

a) Kukurumidza kuwanisa betsero yemhando yepamusoro

Tinokubatsirai nokukurumidza nepatinogona napo. Izvi zvinoreva kuti:

- Tichadavira runhare nekukurumidza;
- Kana munhu wamuchatura naye atadza kukupai mhinduro yakakwana, achakuitai kuti mutaure nemumwe achakwanisa kukupai mhinduro inogutsa;
- Tichapindura zvole zvamungada kuziva tichishandisa (tsamba, tsambanhare nehurukuro dzepaindaneti).
- Kana uchinge wapa chichemo, tichada kunzwisisa nekupa mhinduro kuchichemo chako. Tine tarisiro yekukupi ziviso yekugamuchira chichemo chako mukati mezuva rimwe chete rebasa. Tine tarisiro zvakare yekuferefeta chichemo chako, kuita zvamunotarisa mukupindura chichemo chako nekutarisira kuwana mhinduro maringe nemaonero ako nezvatinenge takatarisira kuita mukupedza dambudziko rako mukati memazuva manomwe (7) ebasa mushure mekutambira chichemo chako. Kana tisingakwanisi kupa mhinduro yakakwana kuchichemo chako mukati memazuva akatarwa, tichakupa mhinduro yenguva iyoyo tichikuudza zuva rauchakwanisa kuwana mhinduro izere.
- Ticharamba tichidzidzisa vatinoshandidzana navo nezvekushanduka kana maonere matsva panyaya yekutorwa kwechikamu 1% chemari yehomwe yokudzidzisa vashandi, mashandisirwo emari inodziswa pazvinhu zvatengwa uye mitemo kuburikidza nekuita misangano yekudzidzisa nekusangana nevemabhizimusi. Misangano iyi icharamba ichirongwa uye muchaiziviswa kuburikidza nemahofisi emudunhu rino.

b) Kubatwa zvakanaka neruremekedzo

Tichakubatai zvakanaka neruremekedzo.

c) Kushandidzana zvakaenzanirana

- Tichawanisa betsero nenzira yakaenzanirana uye isina rusarura.
- Tichaona kuti pachava nenzvimbo nezvishandiswa zvamunokwanisa kuwana zviri nyore.

d) Kugona kuzvimirira

Muchatambira mashoko echokwadi anofambirana nenguva. Pese pazvinokwanisika, vashandi vedu vachatsanangura matanho anotorwa pakuita zvisungo zvine chekuita nemi. Kana tisingakwanisi kukubatsira tichakutumira kune munhu anokwanisa kukubatsira. Tine chokwadi chekuramba tichivandudza maitiro edu nematanho atinotora zvichienderana nezvido zvenyu.

e) Kuchengetedza Mashoko Akavanzika

Tichachengetedza mashoko ane chekuita nedungamunhu neemasangano enyu nenzira dzakavanzika. Tichaunganidza, kuchengetedza uye kushandisa mashoko enyu akavanzika nenzira yakanaka.

2) ZVATINOTARISIRA KUBVA KWAMURI

- Kubata vashandi vedu zvine ruremekedzo.
- Kuve makatendeka kwatiri.
- Kuramba muchitipa mashoko epatinokwanisa kukubatai nguva dzose kana achinge ashanduka kuti tirambe tiine humbowo hwechokwadi mumagwaro edu.
- Kupa ruzivo rwunodiwa mukati menguva yakatarwa apo zvinodiwa.
- Kupa maonero enyu, angave akanaka kana akaipa, kuitira kuvandudzwa kuwanisa mabasa ebetsero kuburikidza nezvichemo, rumbidzo pamwe nezvamunoda kuti zviitwe.
- Kupinda mumisangano yakarongwa.
- Kutevedzera zvinodiwa nemutemo pamwe nezvimwe zvinodiwa kutevedzwa kuti mukwanise kuva nemukana wekudzorerwa mari pazvinhu zvatatenga.

3) ZVAMUNGAITA KUTI MUTIBATSIRE

a) Tizivisei zvamunoda

Tibatsirei kuti tinzwisisa zvamunoda kuti tikuitirei kuitira kuti tikupei rubatsiro rwemhando yepamusoro. Munogona kuita izvi kuburikidza nekutaura nevashandi vedu pamwe nekupinda muzvirongwa zvatinaita zvekubvunzurudza nyaya. Tichakuteerera.

Tizivisei kana paine zvinenge zvashanduka

Tapota, tizivisei kana paine shanduko dzatinofanira kuziva nezvadzo, somuenzaniso, kana pamunobatika pashanduka.

Tizivisei kuti tiri kushanda sei

Kana paine chaitika chamafarira kana chamusina kufarira pamabasa atinokupai, tapota tizivisei. Tinoda kuva nechokwadi chekuti zvichemo zvenyu zvanzwika. Munogona kutizivisa nenzira ipi zvayo inokuitirai.

MUZINDA MUKURU

18572 uchibva muna Mother Patrick Ave, Rotten Row, Harare. marketing@zimdef.co.zw
revenue@zimdef.co.zw
+263 242780451-5
+263-712-431303/5

BULAWAYO

ZIMDEF House, Mezzanine Floor, 102 Fort Street. marketing@zimdef.co.zw
revenue@zimdef.co.zw
+263 292 74828/9
+263 292 62806

GWERU

1st Floor Mutual Life Centre, Cnr. R. Mugabe /5th Street. marketing@zimdef.co.zw
revenue@zimdef.co.zw
+263 2542 224655
+263 2542 225523

MUTARE

911 Forth Avenue / P.O Box 995 Mutare, Manicaland, Zimbabwe. marketing@zimdef.co.zw
revenue@zimdef.co.zw
+263 2202 63677
+263 2202 62560